



REPUBLIKA Y'UBURUNDI

**UBUSHIKIRANGANJI BW'IBIDUKIKIJE, UBURIMYI N'UBWOROZI
IKIGO C'IGIHUGU KIJEJWE GUKINGIRA IBIDUKIKIJE MU
BURUNDI (OBPE)**

Tubungabunge amashamba cimeza n'ibinyabuzima biyabamwo bituma umwimbu w'ibiterwa wiyongera



museum 


Point Focal National Belge pour
l'Initiative Taxonomique Mondiale

CEBioS 

Avec le soutien de
LA COOPÉRATION
BELGE AU DÉVELOPPEMENT 



IKIGO C'IGIHUGU KIJEJWE GUKINGIRA IBIDUKIKIJE MU BURUNDI (OBPE)

Agasandugu ka posita: 2757 Bujumbura-Burundi

Terefone: (257)22234304

E-mail: obpe_burundi@obpe.bi

Site web: <http://bi.chm-cbd.net>

© CHM-Burundais: Igisata kijejwe guhanahana amakuru ku bijanye n'ibinyabuzima bitandukanye, Kigarama, 2020

Ifashanyigisho yo kumenyesha abantu ingaruka mbi z'ihungabanywa ry'amashamba ku binyabuzima bifasha mw'irondoka ry'ibiterwa mu Burundi, categuwe na SINZINKAYO Eugène afadikanije na NDAYIKEZA Longin mu « mugambi ujanye n'ubushakashatsi, guhanahana amakuru, kumenyesha no gukingira ibinyabuzima mu Burundi », umugambi washitsweko habaye amasezerano hagati y'ikigo c'igihugu kijejwe gukingira ibidukikije mu Burundi (OBPE) n'ikigo c'ingoma y'Ububirigi kijejwe ubuhinga kama (IRSNB) ku mfashanyo y'igisata kijejwe ivyo gufashanya mw'iterambere mu gihugu c'Ububirigi (CBD).



INTANGAMARARA

Amashamba cimeza n'indimiro bifitiye akamaro kanini cane ibinyabuzima kuko biharonka uburaro, ibifungurwa hamwe n'aho birondokera. Muri ivyo binyabuzima harimwo ibifasha mw'irondeka ry'ibiterwa mu gukwiragiza intanga ngabo bizikura ku duce tugabo bikazijana ku duce tugore tw'amashurwe y'igiterwa kimwe canke y'ibiterwa bitandukanye ariko bisangiye ubwoko, ari vyo twita **ibangurirwa ry'ibiterwa**, maze ibiterwa bikabona kurondoka, umwimbu na wo ukiyongera. Ivyo bikorwa magiriranire hagati y'ibiterwa n'ivyo binyabuzima bitabayeho ibiterwa vyinshi vyo mu mashamba eka mbere n'ivyo mu mirima ntivyoshobora kubandanya birwira, ndetse bimwebimwe vyo zimangana burundu.

Mu Burundi, vyari vyitezwe ko irwirirana ry'ivyibare vyo kurima biboneka habaye ugusatira n'uguhonya amashamba cimeza vyotumye umwimbu wiyongera. Ariko si ko vyagenze, ahubwo vyatumye haba ihungabana ry'ibinyabuzima biba muri ayo mashamba bifasha mu kurwiza umwimbu, gutyo umwimbu na wo ha kwiyongera uragabanuka. Vyongeye, abarundi benshi ntibaramenya akamaro k'ivyo binyabuzima mw'irwirirana ry'ibiterwa no kuduza umwimbu. Mbere benshi, udukoko tumwetumwe nk'isazi bazi ko tudafise akamaro na kamwe, ahubwo ko turi mubizana ivyago vyinshi gusa.


Ariko mu miryango y'isazi ni ho dusanga ubwoko bw'isazi bita **isazi zo ku mashurwe** zifasha cane mw'irondeka ry'ibiterwa ku rwego rwa kabiri havuye inzuki. Aha twovuga ibiterwa mbubarugo nk'ibiharage,

ubwishaza, ibigori hamwe n'ivyamwa vyinshi eka mbere n'imboga zitandukanye.

Muri aka gatabu, turerekana ingaruka mbi z'ihona ry'isazi zo ku mashurwe ku mwimbu w'ibiterwa bivuye ku guhonya amashamba cimeza.

IBANGURIRWA RY'IBITERWA

Ibangurirwa ry'ibiterwa ni ikwiragizwa ry'intanga ngabo ziva ku duce tugabo zikaja ku duce tugore tw'ishurwe rimwe canke zikava kw'ishurwe rigore zikaja ku rindi shurwe rigabo, ayo mashurwe yose agashobora kuba ari ku giterwa kimwe canke ku biterwa bitandukanye ariko bisangiye ubwoko. Iyo rero ni yo ntambwe ya mbere y'irondoka ry'ibiterwa aho intanga ngabo zihura n'intanga ngore maze bigatanga imbuto nziza.



Agakoko gakuye intanga ngabo kw'ishurwe kazijana ku rindi

Isazi ziri mu binyabuzima bikwiragiza intanga ngabo mu gihe ziba ziriko zirarondera ivyo zifungura ku mashurwe y'ibiterwa. Izizwi cane muri ico gikorwa c'ibangurirwa ry'ibiterwa ni umuryango w'isazi bita *isazi zo ku mashurwe*, ariko hariho n'iyindi miryango myinshi y'isazi zifungura ivyo zikuye ku mashurwe, nazo zigafasha mw'ibangurirwa ry'ibiterwa.



Isazi zitandukanye ziriko zirafungura ku mashurwe y'ibiterwa

Iruhande y'ico gikorwa co gufasha mw'ibangurirwa ry'ibiterwa, isazi zimwezimwe zirata amagi mu mwavu, ayo magi akavamwo inyo zigakurirayo, zigaheza zigatuma ubora neza. Ico gikorwa gifise akamaro kanini cane mu burimi kuko ifumbire kama ntiyoshobora kuboneka hatabonetse ibinyabuzima bifasha kugira ngo ibore. Inyo z'isazi rero zibifisemwo uruhara rukomeye cane.



Inyo z'isazi zituma umwavu ubora neza

ISAZI ZO KU MASHURWE: Umuryango w'isazi zifasha mw'ibangurirwa ry'ibiterwa

Izo sazi zikunze kandi kwitwa *isazi zo ku mashurwe*, zikura mu buryo bwinshi cane butandukanye, zikagira n'amashusho menshi atandukanye. Zimwezimwe zirasa cane n'amoko y'inzuki n'amavubi ku buryo bitoroshe kubitandukanya. Uko kwishushanya n'ivyo binyamaboyi ni kugira zikingire abansi bazo mu kubahuma amaso kuko ibindi bikoko bica bizitinya mu kuzitiranya n'inzuki canke amavubi. Ariko mu vy'ukuri ziri mu bwoko bw'udukoko tw'amababa abiri twitwa isazi muri rusangi.



Isazi zo ku mashurwe ziriko zirarondera ivyo zifungura ku mashurwe

AKAMARO K'ISAZI ZO KU MASHURWE

- *Akamaro mu butunzi*

Imirima ishobora gutanga umwimbu ushimishije iyo habaye ibangurirwa ry'ibiterwa. Ibiterwa vy'amashurwe birakeneye cane udukoko dufasha mw'ibangurirwa kugira bitange imbuto nziza kandi zirwiriye. Ibanguriwa hagati y'ibiterwa bitandukanye rituma kandi haba irwirirana kama ry'ubwoko bw'imbuto zitandukanye.



Ubwishaza n'ibiharage vyavuye mu mashurwe yabanguriwe neza



Inyanya zavuye mu mashurwe yabanguriwe neza



Umwimbu w'ibiharage twukeshya ibangurirwa ry'amashurwe

- *Uruhara rw'isazi zo ku mashurwe ku mibereho y'ibindi binyabuzima n'ibungabungwa ry'amashamba cimeza*

Isazi zo kumashurwe ntizifasha mw'irondoka ry'ibiterwa vyo mu mirima gusa. Zirafasha kandi mw'irwirirana ry'ibiti kama zikanafasha mu kubungabunga amashamba cimeza n'ubuzima bw'ibiyabamwo.

Ako kamaro k'izo sazi kibonekeza mu buryo bubiri:

Izikuze zirondera ivyo zifungura ku mashurwe, gutyo mu kuva ku mashurwe zija ku yandi zigaca zifasha mw'ibangurirwa ry'ayo. Ico gikorwa kitabayeho ibimera vyinshi ntivyoshobora kurondoka, ndetse bimwebimwe vyo zimangana. Ico gikorwa rero gituma amashamba abandanya abaho maze ibinyabuzima biyabamwo navyo bikahatorera akoyoko. Amashamba cimeza ni uburaro kama bw'isazi zo ku mashurwe, kandi niho zikura ibifungurwa, ndetse zikanaharondokera. Ni ibikorwa magiriranire hagati y'amashamba n'ivyo binyabuzima kuko kimwe gifise uruhara ntangere kugira ngo ikindi kibandanye kibaho.



Isazi ziri ku mashurwe zirondera ivyo zirya



Amashamba cimeza nk'irya Kibira tuyakesha udukoko dufasha mw'ibangurirwa ry'ibiti biyarimwo



Ibiti vyinshi vyo mu mashamba tubikesha udukoko dufasha mw'ibangurirwa ryavyo

Isazi zo ku mashurwe zikiri nto (izikinyogomba) ziryamba udukoko dusanzwe twonona ibiterwa vyo mu mirima n'ivyo mu mashamba ku rugero rw'aho imwe yonyene ishobora kurya udukoko turenga amajana. Kuri icyo mpamvu, akamaro kazo ni kanini cane mu gukingira ibiterwa no mu kuduza umwimbu muri rusangi.

Uretse ko zisanze zirwiriye mu burere burimwo imirima, isazi zo ku mashurwe barazifashisha kandi mu kuraba ubutandukane bw'ibinyabuzima mukarere kana-ka.



Ivyana vy'isazi zo ku mashurwe biriko birarya udukoko twonona imirima

UBUSHAKASHATSI KU SAZI ZO KU MASHURWE MU BURUNDI

- *Ifatwa n'iyegeranywa ry'ivyo binyabuzima*

Mu Burundi, ibikorwa vyo gufata isazi zo ku mashurwe co kimwe n'ibindi binyabuzima bifasha mw'irondeka ry'ibiterwa vyatanguye mu mwaka wa 2009 mu ntumbero yo kubigirako ubushakashatsi. Ariko iryo yegeeranywa ntiriyari ritumbereye izo sazi. Guhera mu mwaka wa 2014 niho iyegeranywa ritumbereye neza na neza isazi zo kumashurwe ryatangura mu ntumbero yo kuzigirako ubushakashatsi bwihariye. Guhera ico gihe ibikorwa vyarakomejwe aho igitigiri kitari gito c'izo sazi zafashwe hakoreshejwe uburyo butandukanye. Muri bwo, umugono ukozwe mu musegetera niwo ukoreshwa cane ariko n'utugopo dusize ibara risa n'umuhondo twarakoreshejwe. Izafashwe ubu zibitswe mu nzu y'ubushakashatsi kubinyabuzima y'ikigo c'igihugu kijejwe gukingira ibidukikije mu Burundi (OBPE).



Ifatwa ry'ibinyabuzima hakoreshejwe umugono



Ifatwa ry'ibinyabuzima hakoreshejwe utugopo dusize ibara ry'umuhondo

- ***Guha amazina ivyo binyabuzima***

Nk’uko bigenda ku bindi binyabuzima, isazi zo ku mashurwe ziba zafashwe mu mashamba atandukanye zica zijanwa mu gisata kijejwe ubushakashatsi kugira zihabwe amazina. Ivyo bishobora kubera mu kigo c’igihugu kijejwe gukingira ibidukikije mu Burundi (OBPE) canke mu bigo vyo mu mahanga nk’ikigo c’ingoma y’Ububirigi kijejwe ubuhinga kama (IRSNB) canke ikigo c’ingoma y’Ububirigi kijejwe ibinyabuzima vyo muri Afrika yo hagati (MRAC). Ivyo bikorwa n’abashakashatsi b’ikigo c’igihugu kijejwe gukingira ibidukikije mu Burundi (OBPE) bafashijwe n’abashakashatsi bo mu mahanga na cane cane abo muri ivyo bigo vyavuzwe hejuru. Kugeza ubu, ubushakashatsi bwerekana ko mu Burundi hamaze kumenyekena ubwoko 93 bw’isazi zo ku mashurwe.



Guha amazina isazi zo ku mashurwe



Amoko amwe amwe y'isazi zo ku mashurwe zo mu Burundi

- ***Ububiko bw'ivyo binyabuzima***

Kugeza ubu isazi zo kumashurwe zirenga 5000 ziramaze gufatwa mu mihingo itandukanye y'igihugu, zikaba zibitswe mu bubiko bw'igisata kijejwe ibinyabuzima c'ikigo c'igihugu kijejwe gukingira ibidukikije mu Burundi (OBPE).



Ububiko bw'ibinyabuzima mu kigo kijejwe gukingira ibidukikije mu Burundi

IBIBANGAMIYE IBINYABUZIMA

Uguhonya amashamba biri mu bintu bikurubikuru bituma isazi zo ku mashurwe n'ibindi binyabuzima muri rusangi bihona. Vyinshi mu bituma amashamba n'ivyo binyabuzima bihona biva ku bikorwa vy'abantu. Aha twovuga nk'*uburimy* *budatunganijwe neza, imiriro ya Nyakanga, gukoresha imiti yica ubukoko mu gukingira imirima, ibikorwa vy'ubwubatsi, guhumbira ibikomoka mu mashamba nk'ibiti bikoreshwa mu bikorwa bitandukanye*, n'ibindi.

• *Ibikorwa bijanye n'uburimy*

Intunganyo zimwezimwe z'uburimy tutibagiye n'iza none zategerezwa gutuma haba ukwongerekana kw'umwimbu. Ariko, inyuma y'igihe kirekire ivyo bikorwa bituma haba itituka ry'ibidukikije tutibagiye ibisanzwe bifitiye akamaro kanini ubwo burimy nyene. Ivyigwa vyakozwe k'ukuntu ibinyabuzima biba bikwiragiye mu bibanza birimwamwo birerekana ubudasa bunini bw'ibitigiri n'ubutandukane bw'amoko y'ibinyabuzima biba bihari mu gihe haba hakiri imirima n'ibiba bihari inyuma y'isarura. Uburimy burahindura ahari amashamba hakaba indimiro ndetse ahandi hakagirwa ibibara vyo kuragiramwo ibitungwa. Ibinyabuzima vyahora biba aho hantu bica bihona kubera bitaba bikiharonka ivyo birya, uburaro hamwe n'aho birondokera.

Mu ndimiro, ibiterwa nk'ibiharage, ubwishaza, inyanya,... iyo vyimbuwe isi isigara igaragara bigaca bituma ibinyabuzima bihona ku

kubura ico birya n’uburaro kubera atavyatsi biha bihari. Ibindi biterwa nk’ikawa n’ibindi vyinshi bishurika rimwe mu mwaka. Ivyo vyose bikaba bituma amaronderero y’imfungurwa z’ibinyabuzima agabanuka.

Inyuma y’ishurika ry’ibiterwa vyo mumirima ndetse n’inyuma y’isarura, ibinyabuzima vyahora bitunzwe n’amashurwe y’ibiterwa bica birondera ayandi maronderero y’imfungurwa aho bica vyikora kuvyatsi n’ibiti vyo mu mishike n’ivyo mu mashamba cimeza aba yegereye ahahora iyo mirima.

Hari n’ubushakashatsi buheruka gukorwa ku myaka itanu, bwerekanye ko hari akamaro kadasanzwe k’ikurakuranywa ry’imirima n’imishike y’igihe gitogito kw’irwirirana ry’isazi zo ku mashurwe n’ibindi binyabuzima bifasha mw’irondeka ry’ibiterwa muri rusangi.



Ahahoze uburaro bw’ibinyabuzima hahinduwe indimiro zitagiramo ibiti cimeza

- Guhumbira ibikomoka mu mashamba n'ibikorwa vy'ubwubatsi***

Ukwicira ibiti bikoreshwa mu guhingura amakara no mu bwubatsi, iyo bikoze hadakurikijwe amategeko ajanye n'ukubungabunga ibidukikije, birabangamira amashamba cimeza ndetse bikazana ingorane zikomeye cane ku binyabuzima.

Ibindi bikorwa vyerekeye kubumba amatafari no gucukura amabuye n'ibindi bikoresho bikoreshwa mu bwubatsi bw'amazu n'amabarabara na vyo nyene biratuma amashamba ahona, ibinyabuzima biyabamwo navyo bikahatikirira.



Uguhingura amakara



Ahantu hononywe n'ibikorwa vy'ubwubatsi

• *Imiriro ya Nyakanga*

Mu gihe c'ici, ibiti n'ivyatsi biragabanuka cane ndetse n'amashurwe aba ari make. Ibinyabuzima bica vyikora ku mashamba cimeza aho bikigendeka kugira ngo bibandanye bibaho muri ico gihe kiba kigoye. Ariko rero ikibabaje ni uko n'ayo mashamba ashobora kwifatafata mu gihe c'ici yama yaturiwe n'abarondera imiyonga yo kuragirawo ibitungwa canke ababikora kubera ubugizi bwa nabi gusa.

Imiriro ya Nyakanga rero iratikiza cane ibinyabuzima. Iyo ivyatsi bihiye bituma ivyo binyabuzima bipfa ari vyinshi, na cane cane amagi n'ibikinyogomba.



Ishamba ryaturiwe n'imiriro ya Nyakanga

- ***Ikoreshwa ry'imiti yirukana udukoko dutera imirima***

Imiti ikoreshwa mu kwirukana udukoko dutera imirima na yo nyene irabangamira ibinyabuzima bifasha mw'irondeka ry'ibiterwa. Iyo miti ituma ivyo binyabuzima bipfa tutibagiye n'amagi yavyo hamwe n'ibikinyogomba. Mu gihe co gukoresha iyo miti irashobora kugururwa n'umuyaga canke igatwarwa n'amazi gushika no mu bindi bibanza bitari bitumberewe. Ivyo rero biza gusongera isibe mu kwongereza ingaruka mbi z'iyi miti ku binayabuzima mu bibanza vyinshi bitandukanye.



Ikoreshwa ry'imiti mu kwirukana udukoko dutera imirima

TUBUNGABUNGE AMASHAMBA N'IBINYABUZIA BIFASHA MW'IRONDOKA RY'IBITERWA KUGIRA TURWIZE UMWIBU

Gukingira amashamba cimeza ni igikorwa gihambaye kiraba abantu bose kugira tubungabunge ibinyabuzima muri rusangi na cane cane isazi zifasha mw'irondoka ry'ibiterwa. Ugukeneranira hagati y'amashamba n'ivyo binyabuzima bituma ivyo binyabuzima vyisanga biriko birakora igikorwa gihambaye c'ugufasha mw'irondoka ry'amoko menshi y'ibiterwa biciye mu gukwiragiza intanga ngabo bizikura ku mashurwe bikazijana kuyandi. Ivyo rero birafasha mw'ibungabungwa ry'ibinyabuzima n'irandagata ry'amashamba. Mu ndimiro biratuma kandi umwimbu wiyongera, maze bigatuma abantu babandanya babaho, ubtunzi nabwo bukisununura. Nico gituma iyo dukingiyeye amashamba cimeza n'amashamba yo mu ndimiro tuba dukingiyeye ibinyabuzima tukaba kandi dufashije mu kurwiza umwimbu no kubaho neza kw'abantu.

GUŞOZERA

Ihona ry'amashaba cimeza rirabangamira cane ibinyabuzima muri rusangi na cane cane isazi zo ku mashurwe. Iryo hona niryo rituma imigenderanire hagati y'amashamba n'ibinyabuzima bifasha mw'irondeka ry'ibiterwa ihagarara. Iyo migenderanire iyo itahari bituma ibiterwa, vyaba ivyo mu mashamba canke ivyo mu mirima bitarwira mbere bimwebimwe bigahona. Iyo ikaba intandaro y'igabanuka ry'umwimbu, ubuzima bw'abantu nabwo bukaja mu kaga.

Dutegerezwa rero kwitwararika gukingira amashamba kugira tubungabunge ibinyabuzima biyabamwo bifasha mw'irondeka ry'ibiterwa kugira ngo umwimbu wiyongere, ubuzima bw'abantu na bwo bwisununure.

Tubungabunze amashaba tuba dukingiye ibinyabuzima bifasha mw'irondeka ry'ibiterwa tutibagiye n'isazi zo ku mashurwe, tuba dutsimbataje kandi kwagukeneranira hagati y'ivyo binyabuzima n'ibiterwa, gutyo tukaba tugize uruhara ntangere mu kubungabunga ubuzima bw'abantu, ubw'ibikoko n'ubwibiterwa. Tuba kandi dufashije mu guhangana n'ihindagurika ry'ibihe.